



Si ou gen yon moun ki ap travay lakay ou, tankou yon moun kap fè menaj, yon kwizinyè, yon jadinnye, oswa yon moun ki ap gade pitit ou, ni ou menm ni moun ou bay djòb la dwe konnen pou nou peye taks Sekirite Sosyal ak taks Medicare.

Moun ki ap travay lakay ou a gen dwa kalifye pou li resevwa Sekirite Sosyal ak Medicare yon jou-si ou dedui taks Sekirite Sosyal ak taks Medicare sou kòb ou peye li, ou dwe voye kòb taks sa yo bay Sèvis Enpo sou Revni (Internal Revenue Services [IRS]), epi rapòte salè ke ou ap bay moun ki ap travay lakay ou a bay Administrasyon Sekirite Sosyal.

Lè ou rapòte salè sa yo epi ou peye taks sa yo, moun ki ap travay pou ou a ap vin kalifye pou benefis Sekirite Sosyal ak asirans Medicare. Nan benefis sila yo ou jwenn: benefis retrèt, (depi ou genyen laj 62 lane), benefis maladi oswa enfimite pou moun ki ap travay la ansanm avèk fanmi li ki sou kont li. Si travayè a mouri, pitit li ka jwenn benefis tou, osinon moun ki te depann de li nan vivan li.

## Ki salè ki fèt pou rapòte?

Si ou ap peye yon moun ki ap travay nan kay ou \$1.800 dola ameriken oswa plis pandan lane 2012 la, ou dwe dedui taks Sekirite Sosyal ak Medicare, epi ou dwe rapòte salè sila a chak ane. Ositou, ou dwe rapòte nenpòt ki kòb kach ke ou te bay travayè a pou peye transpò, manje oswa lojman li. Si ou pa rapòte salè sila yo a lè, ou ap oblije peye yon penalite an plis de kòb taks ke ou pa peye yo.

## Èske tout moun ki ap travay nan kay asire?

Lè ou peye yon moun ki ap travay nan kay ou \$1.800 dola ameriken kach oswa plis pandan yon ane, kòb sa yo ap antre nan dosye Sekirite Sosyal. Men gen kèk règleman espesyal ki aplike nan sitiyasyon ki ap swiv yo.

Si ou ap dirije yon lotèl, yon batiman ki gen chanm pou lwe oswa yon pansyona, ou dwe rapòte tout salè anplwaye ou yo, menm si yo touche mwens pase \$1.800 dola ameriken nan yon ane.

Ou pa oblije peye taks Sekirite Sosyal pou moun ki ap travay nan kay (pa egzanp, moun ki ap gade timoun) ki genyen mwens pase laj 18 lane, sòf si se travay prensipal moun nan.

Si ou anplwaye pitit pa ou pou fè travay nan kay epi li genyen laj 21 lane oswa plis, ou oblije peye taks Sekirite Sosyal sou salè li. Travay nan kay ke yon manm nan fanmi ou fè gen dwa bezwen, nan kèk sitiyasyon, ke ou peye taks sila yo.

Rele nenpòt biwo Sekirite Sosyal pou plis enfòmasyon.

## Kijan pou ou rapòte salè yo

Kontakte IRS pou yo ka di ou kijan pou ou rapòte enfòmasyon yo avèk ki fòm ou dwe ranpli. Anplwaye sèvis sila a ap di ou kijan pou ou konplete fòm yo, ak ki kote epi ki lè pou ou ranpli yo. Men gen kèk enfòmasyon ke ou dwe konnen.

Ositou, ou gen dwa li Piblikasyon 926 ki sòti nan IRS, *Household Employer's Tax Guide (Gid pou Anplwayè ki gen moun ki ap travay lakay yo)*, [www.irs.gov/publications/p926/index.html](http://www.irs.gov/publications/p926/index.html) pou jwenn enfòmasyon sou ki fòm ou bezwen ranpli avèk ki lè pou ou fè sa. Men tou, men kèk bagay ki bon pou ou konnen.

**Kenbe dosye** — Pou Sekirite Sosyal ou ap bezwen non, adrès, ak nimewo Sekirite Sosyal tout moun ki ap travay lakay ou, ak kantite kòb yo touche. Ou ap ekri nimewo Sekirite Sosyal ki sou kat sosyal chak moun. Si youn nan anplwaye ou yo pa gen yon kat sosyal, li ka aplike pou youn nan nenpòt biwo Sekirite Sosyal.

**Dediksyon pou taks Sekirite Sosyal ak Medicare— Pousantaj taks Sekirite Sosyal pou ane 2012** pou anplwaye yo se 4.2 pousan sou salè jiska \$110,100. Pousantaj taks Sekirite Sosyal pou ane 2012 pou patwon yo se 6.2 pousan sou salè yo jiska \$110,100. Pousantaj taks Medicare se 1.45 tout salè pou anplwaye yo ak patwon yo.

**Ekri rapò pa ou** — Sèvi ak fòm taks federal sou revni (IRS form 1040) pou bay rapò sou plis pase \$1.800 dola ameriken ke ou peye yon moun ki ap travay lakay ou. Lè ou anplwaye yon moun, ou dwe peye pòsyon taks Sekirite Sosyal pa ou ak taks Medicare, ansanm ak taks ke ou pran sou salè anplwaye a, nan moman ou voye dosye ou.

**Soumèt yon W-2 apre ane a fini** — Ou oblije bay anplwaye ki ap travay lakay ou kopi ki make B, C, ak 2, nan fòm W-2 IRS (*Wage and Tax Statement—Etadkont salè ak taks*) anvan 31 janvyè apre ane ou peye salè a. Voye kopi ki make A bay Administrasyon Sekirite Sosyal avan denye jou nan mwa fevriye a. Ou ap jwenn

(lèt bò a)

fòm sa a, avèk kijan pou ou konplete li, lè ou rele yon biwo IRS. Oswa, si ou gen yon òdinatè ki pèmèt ou ale sou entènèt epi ou genyen yon enprimant, ou kapab itilize fòm W-2 ki sou entènèt la. Sèvis W-2 sou entènèt se yon opsyon elektronik gratis ke Sekirite Sosyal ofri moun ki gen anplwaye lakay yo, pou yo ka ranpli fòm la sou entènèt. Avèk W-2 sou entènèt la, ou kapab jwenn yon fòm W-2 elektronik, ranpli fòm la epi soumèt li bay Sekirite Sosyal, tout sa pandan ou sou entènèt la. Sèvis la menm ap ranpli yon fòm W-3 (fòm ki montre ke ou voye W-2 a) pou ou. Epitou, ou kapab enprime kopi ke anplwaye ou yo dwe ranpli pou pwòp tèt pa yo, pou regle afè taks pa yo. Ou kapab enprime kopi pa ou tou, ke ou pral kenbe nan dosye pèsonèl ou.

Pou kòmanse, ou ap genyen pou anrejistre pou ou jwenn yon User ID ansanm avèk yon modpas (mo sekrè), ke ou ap kapab jwenn nan wèbsayt Business Services Online: [www.socialsecurity.gov/bsowelcome.htm](http://www.socialsecurity.gov/bsowelcome.htm), ansanm avèk yon modpas (mo sekrè). Pou plis enfòmasyon ki ap ba ou eksplikasyon pazapa, ale nan [www.socialsecurity.gov/employer/bsohbnew.htm](http://www.socialsecurity.gov/employer/bsohbnew.htm).

## Kijan moun ki ap travay nan kay ou jwenn kredi sou Sekirite Sosyal

Sistèm pou kalkile kredi pou moun ki ap travay nan kay la diferan de lòt jan yo konte kredi pou lòt kalite travay. An jeneral, yon moun ki ap travay nan kay ap touche yon kredi sou chak \$1.130 dola ameriken ke li rapòte kòm salè li touche (pandan ane 2012 la), jouk li rive yon maksimòm de 4 kredi pou ane a. Men tou, yon moun ki ap travay nan kay ap genyen kredi Sekirite Sosyal sèlman sou salè ki omwen \$1.800 dola ameriken oswa plis, ke l ap touche nan men nempòt moun ke l ap travay pou li. Pa egzanp, yon anplwaye ki ap travay nan kay pou 3 patwon diferan, epi, li touche: \$900 nan premye a, \$1.000 nan dezyèm la, ak \$1.800 dola ameriken nan twazièm la (sa ap fè li yon total \$3.700 dola ameriken nan twa travay yo) ap resevwa sèlman yon kredi ki ap vo \$1.800 dola ameriken sou dosye Sekirite Sosyal li.

Kantite kredi ke anplwaye (moun ki ap travay nan kay enkli tou) bezwen pou kalifye pou Sekirite Sosyal depann de laj yo, epi de ki kalite benefis yo gen dwa kalifye pou yo resevwa. Pi fò moun bezwen 10 ane travay (ki egal a 40 kredi) pou yo kalifye pou benefis. Moun ki jèn yo bezwen mwens kredi pou yo kalifye pou benefis maladi oswa enfimite; yo bezwen mwens kredi tou pou manm fanmi yo jwenn benefis si yo mouri.

Sonje, si ou pa rapòte salè pou anplwaye ou a, li ka pa rasanble ase kredi pou li resevwa benefis Sekirite Sosyal yo, osinon kantite benefis li yo ka vin pi piti.

## Kontakte Sekirite Sosyal

Pou jwenn plis enfòmasyon ak kopi piblikasyon nou yo, ale nan sou Entènèt nan sitwèb nou an [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov), oswa rele gratis nan nimewo **1-800-772-1213** (pou moun ki soud oswa ki mal pou tande, rele nan nimewo TTY nou, **1-800-325-0778**). Nou trete tout apèl yo an sekrè. Si ou pale lang Panyòl, peze 2. Pou tout lòt lang yo, peze 1, rete sou liy lan, epi rete an silans pandan w ap tande yon vwa k ap ba ou enstriksyon otomatik jouk lè yon anplwaye reponn. Anplwaye a ap kontakte yon entèprèt pou ede li avèk apèl ou a. Sèvis entèprèt la disponib pou gratis. Nou ka reponn kesyon espesifik yo ant 7 a.m. ak 7 p.m., lendi jiska vandredi. Nou kapab bay enfòmasyon nan lang Angle yon sèvis telefòn otomatik ki fonksyone 24 èdtan pa jou.

Nou vle asire nou tou ke ou resevwa bon jan enfòmasyon avèk jantiyès. Se pou rezon sa a ke genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal pou kontwòle kèk apèl telefonik.